

Pran Vaksen pou COVID-19

Mas 2021



Yo ba w vaksen an gratis. Gouvènman federal la kouvri depans pou vaksen w. Yo pa ta dwe chaje oswa faktire w. Founisè w pa ta dwe chaje w tou pou yon vizit klinik si ou ale sèlman pou pran vaksen an.



Kounye a gen plizyè vaksen COVID-19 ki disponib. Ou pral jwenn swa vaksen Moderna, Pfizer-BioNTech, oswa Johnson & Johnson (J&J)/Janssen. Si ou pran swa vaksen Moderna oswa Pfizer-BioNTech, ou pral bezwen pou resevwa de dòz nan lespas twa oswa kat semèn apa; dezyèm dòz la ta dwe soti nan men menm fabrikan menm jan avèk premye dòz la e yo ta dwe bay li nan menm sit vaksen an tankou premye dòz ou an. Yo bay vaksen Johnson & Johnson (J&J)/Janssen nan yonsèl dòz.



Tout vaksen ki disponib yo san danje ak efikas. Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini [U.S. Food and Drug Administration (FDA)] otorize vaksen yo pou itilizasyon ijans e yo te jwenn tout otman efikas san pa gen enkyetid grav sou sekirite. Espesyalis endepandan yo aksepte ke vaksen yo san danje ak efikas.



Vaksen an pral disponib konfòmeman avèk priyorite eta. Maine aktyèlman ap priyorize distribisyon vaksen an dapre laj e li pa pral swiv direksyon federal pou priyorize pwofesè lekòl yo ak anplwaye, ansanm avèk travayè gadri yo. Li pral pran tan tou, men kòm Maine ap resevwa plis dòz, tout moun ap anmezi pou jwenn vaksen. Vizite www.maine.gov/covid19/vaccines/vaccination-sites oswa rele Liy Vaksen Kominotè COVID-19 Maine nan 1-888-445-4111. (Pou sèvis entèpretasyon, di lang ou lè yo reponn telefòn lan. Moun ki soud oswa ki gen difikilte pou tande ka konpoze 711 epi mande pou yo konekte w nan 1-888-445-4111.)



Ou ka santi efè segondè. Tankou tout lòt vaksen woutin yo, ou ka gen yon bra fè mal, lafyèv, maltèt, oswa fatig apre ou fin pran vaksen an. Sa yo se siy ke vaksen an ap travay.



Rete ansekirite. Apre ou fin pran vaksen an, mete mask ou, rete sis pye (de mè) apa, epi evite rasanbleman pou pwoteje moun sila yo ki pa t vaksinen.

Pou mande dokiman sa a nan yon lòt fòm, rele (207) 287-5014. Kliyan yo ki soud oswa ki gen difikilte pou tande, tanpri rele 711 (Maine; Relè) oswa imèl ADA-Civilrights.dhhs@maine.gov

Ki vaksen ki aktyèlman disponib?

Gen twa vaksen ki aktyèlman disponib:

- Pfizer-BioNTech
- Moderna
- Johnson & Johnson (J&J)/Janssen

FDA te awpouve toulètwà vaksen yo pou itilizasyon ijans. Lòt vaksen yo kapab disponib byento.

Kimoun ki ta dwe pran vaksen COVID-19?

Pran vaksen se pi bon fason pou anpeche ou atrape COVID-19. Se chwa w pou pran vaksen an. Si ou decide pou pran l, ou ta dwe di founisè vaksen w si ou:

- Gen yon istwa reyaksyon alèjik grav
- Gen yon fyèv
- Gen yon pwoblèm sèyman oswa medikaman anti-kowagilan
- Ou imino-deprime oswa ou sou yon medikaman ki afekte sistèm iminitè w
- Ou ansent, planifye pou vin ansent, oswa wap bay tete
- Te resevwa yon lòt vaksen COVID-19

Ou pa ta dwe pran vaksen an si ou te gen yon reyaksyon alèjik grav avèk yon dòz anvan nan vaksen COVID-19 oswa avèk nenpòt engredyen nan vaksen an.

Ou dwe gen omwen 16 ane pou pran vaksen Pfizer-BioNTech, ak 18 ane pou pran vaksen Moderna oswa Johnson & Johnson (J&J)/Janssen.

Kisa ki nan vaksen COVID-19 la?

Toulè twa vaksen yo gen ladan engredyen aktif nan swa messenger RNA (mRNA) oswa DNA ansanm avèk grès, sèl, ak sik pou pwoteje pati aktif nan vaksen an ak ede l travay pi byen nan kò a. Okenn nan vaksen yo pa gen ladan yon pati aktif nan viris COVID-19, oswa lòt konsèvatè oswa sibstans. Ou pa kapab atrape COVID si ou pran vaksen an.

Kisa kap pase apre mwen fin pran vaksen an?

Ou pral bezwen pou rete tann 15 a 30 minit anvan ou kite lokal vaksinasyon an kidonk founisè vaksen w kapab ede w si ou gen yon reyaksyon alèjik oswa lòt efè segondè. Pandan wap rete tann, ou kapab enskri pou v-safe rapòte nenpòt efè segondè epi jwenn yon rapèl pou dezyèm dòz ou an: vsafe.cdc.gov.

Li nòmal pou genyen efè segondè youn pou rive twa jou apre ou fin pran vaksen an. Efè segondè komen yo se fatig, doule nan misk, doule nan bra kote ou pran vaksen an, fyèv, maltèt, doule nan jwenti, frison, kèplen, oswa vomisman. Si sentòm ou yo pa ale nan lespas twa oswa kat jou, kontakte doktè oswa klinik ou. Oumenm oswa founisè vaksen w ka rapòte efè segondè tou nan Sistèm Rapò Aktivite Negatif Vaksen an [Vaccine Adverse Event Reporting System (VAERS)]: vaers.hhs.gov/reportevent.html.

Rele 911 si ou gen reyaksyon alèjik apre ou fin kite klinik lan. Si yon reyaksyon alèjik ka gen ladan difikilte pou respire, anflamasyon figi w ak gòj, batman kè rapid, yon move demanjezon nan tout kò w, vètij ak feblès.

Si ou te pran swa vaksen Pfizer oswa Moderna, asire pou pran yon randevou pou dezyèm dòz la. Ou pral bezwen pou retounen nan twa a kat semèn pou pran dezyèm dòz la.

Apre ou fin pran vaksen an, kontinye mete mask ou, rete sis pye (de mè) apa, epi evite rasanbleman pou pwoteje moun sila yo ki poko vaksinen. Li pral pran jiska de semèn apre ou vin konplete vaksen w lan pou pwoteksyon konplè (de semèn apre dezyèm dòz vaksen w pou Pfizer oswa Moderna, oswa apre yonsèl dòz Johnson & Johnson (J&J)/Janssen).

Vizite www.maine.gov/covid19/vaccines pou w jwenn plis enfòmasyon.